ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№31 (24.469) • 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Иджырей къалэнхэм Iэмал къыхуагъуэт

**Гъатхэпэм и 16-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ Урысейм и Ипщэ муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр Зыунэт**I **советым и зэIущIэ. Абы хэтыну щыхьэрым къеблэгъат Адыгэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэрым, Ингуш, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Къалмыкъ, Шэшэн республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Волгоград, Астрахань, Ростов областхэмрэ Севастополь къалэмрэ я лIыкIуэхэр.**



ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, Урысейм и Ипщэ муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр Зыунэт**I** Советым и унафэщI **Наумкин Олег**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат** сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Ди къэралыр зэувэлIа Iуэхухэм теухуауэ къыттралъхьа тезырхэм дыпэлъэщынымрэ ахэр зэран къытхуэмыхъуу зыдужьынымрэщ нобэкIэ ди къалэн нэхъыщхьэр. Абы теухуауэ муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм Iуэхушхуэхэр я пщэ къыдохуэ. Сыту жыпIэмэ, цIыхум и Iуэху хуэмыхъумэ, япэу зэкIуалIэр ахэращ. ЦIыхубэм я щыIэкIэ-псэукIэмрэ экономикэмрэ зэтетIыгъэм и защIэгъэкъуэмыхъуу, ахэр зыхуей щымыщIэу адэкIэ дыкIуэтэным зэпымычу дытелэжьэнырщ ди къалэныр, - захуигъэзащ КIуэкIуэм зэIущIэм хэтахэм.

Дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыналъэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къэралым зэрызащIигъакъуэм тепсэлъыхьащ Хъубий Марат.

- Иужьрей илъэсым ди къалэн нэхъыщхьэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыналъэм щыIэ ди щIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэдгъэкъуэнырщ. Ар Урысей Федерацэм и Президентым къытхуищIауэ ди зэхуэдэ унафэщи, дзэ IуэхукIэ Украинэм щыIэхэм я унагъуэхэм сом мин 50 иратащ, уIэгъэ хъуахэм сом мини 100, 200, 300 хухах, фэбжьым и хьэлъагъым елъытауэ, хэкIуэдахэм я унагъуэм сом мелуан хуаутIыпщ. Ди щIалэхэр зыIут IэнатIэм къащыхуэсэбэпыну Iэмэпсымэхэмрэ техникэмкIэ къызэдогъэпэщ зэпымычу. Апхуэдэу, къэтщэхуащ квадрокоптер, тепловизор, щыкIыфIым деж нэхъыфIу уэзыгъэлъагъу Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри. Абы къищынэмыщIауэ, ерыскъыпхъэрэ щыгъынрэ яхудогъашэ. Я унагъуэхэм мылъкукIэ защIыдогъакъуэ, дзэ Iуэхум зэрыхэтым папщIэ етт улахуэр хэдбжэркъым, социальнэ ахъшэу мазэ къэс иратыр щахуэдгъэувкIэ. Къэралым и УнафэщIым къызэрилъытэмкIэ, ахэр хэкум зэрыхуэлажьэм папщIэ гулъытэ щхьэхуэ яхуэфащэщи, зыхуэныкъуэ псомкIи защIыдогъакъуэ, - къыхигъэщащ Хъубийр къыщыпсэлъам.

Къулыкъуущ**I**эхэр зэIущIэшхуэм щытепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэха Донбассым щегъэкIуэкIынымкIэ, а щIыналъэр хъумэнымкIэ УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкIуэкI политикэм ехьэлIауэ щIыпIэхэм щызэфIах лэжьыгъэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## ГъущI гъуэгу вокзалым и къэкIуэнур

**Налшык дэт гъущI гъуэгу вокзалым и гупэм къилъ утыкур зыхуей зэрыхуагъэзэнум и проектышхуэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэIущIыIу ищIащ. ЩIыпIэр зэрахъуэжыну щIыкIэм и теплъэр республикэм и УнафэщIым къурилъхьащ и телеграм напэкIуэцIым.**

«НАЛШЫК и гъущI гъуэгу вокзалым и хъуреягъкIэ щылъ щIыпIэр зыхуей зэрыхуэдгъэзэну щIыкIэм епха проектым нэхъ пасэу и гугъу сщIауэ щытащ. Республикэм и щыхьэрым и тхыдэми, и щэнхабзэми увыпIэшхуэ щеубыд 1913 гъэм яухуауэ щыта гъущI гъуэгу вокзалым. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ар икъукIэ зэтракъутауэ щытащ, иужькIэ мамыр гъащIэм и иджырей теплъэр щигъуэтыжащ.

Ди гъущI гъуэгу вокзалыр къалэм и гъуджэщ. Абы и Iэгъуэблагъэр зыхуей хуэзэпауэ, дахэу, щIэращIэу щытын хуейщ. Проектым ипкъ иткIэ, абы и хъуреягъкIэ щхъуантIагъэм зыщрагъэубгъунущ, машинэ гъэувыпIэхэр, лъэс зекIуапIэхэр ящIынущ, иджырей уэздыгъэхэр трагъэувэнущ, зэблэкIыпIэ псори нэхъ тынш ящIынущ.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, дэ зэдгъэпэщыжыну ди мурадыр езы вокзал пщIантIэм и закъуэкъым, атIэ уэрам хадэ цIыкIухэу мэжджытым къыбгъэдэтри, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ Осетинскэмрэ я зэпылъыпIэм деж щылъри зыхуей хуэдгъэзэнущ», - етх КIуэкIуэ Казбек.





## Псори и чэзум

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIа ЩIыналъэм зегъэужьынымкIэ комиссэм и президиумым и зэхуэсым.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, федеральнэ проектхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъу щIыкIэм, 2023 - 2025 гъэхэм къриубыдэу и кIэм нагъэсын хуей лэжьыгъэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэ лэжьыгъэшхуэ социальнэ лъэныкъуэм щызэфIахыну я мурадщ. Республикэм щаухуэнущ школ 17, Налшык и япэ поликлиникэм унэщIэ хуащIынущ, лыжх зэузхэм я диспансер, творческэ щIалэгъуалэм я уардэунэ, сабий IыгъыпIэхэр, амбулаторэу 9, щэнхабзэм и унэхэр, спорт ухуэныгъэхэр щIэуэ къызэIуахынущ, егъэджэныгъэм епха унэ 40 зэрахьэнущ, поликлиникэ къудами 8 зыхуей хуагъэзэнущ. АдэкIи пащэнущ гъуэгухэр, унэхэр, коммунальнэ инфраструктурэр зэгъэпэщын Iуэхум, унэ зэтетхэм я пщIантIэхэр, цIыху зэхэзекIуапIэхэр ягъэщIэрэщIэнущ. Псори зэхэту объекти 147-рэ зэIузэпэщ ящIыну къалэн зыщащIыжащ.

«КъухьэпIэм и санкцэхэм я зэранкIэ экономикэ щытыкIэр зэрымыщIагъуэм щхьэкIэ къэмынэу, проект псори здынэсыпхъэм тхунэгъэсынущ. УФ-м и Правительствэм Iэмал псори къегъэсэбэп мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэр и чэзум иухыным. Президентым ди пащхьэ къригъэувa къалэн псори дгъэзэщIэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ лэжьыгъэхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэм, ахэр къыхуагъэува пIалъэм зэрыкIэлъысым кIэлъыплъыну.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Бэрбэч Алимрэ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ.



# Мэзхэм зэрыкIэлъыплъ Iэмэпсымэхэр тыгъэ къыхуащI

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ лэжьыгъэ Iуэхукiэ ди щIыналъэм къэкIуа, Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Советников Иван.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильясрэ Ипщэ федеральнэ округым Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и унафэщI Костенич Пётррэ.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ ди щIыналъэм мэзхэр зехьэнымкIэ щызэфIагъэкIхэр. «Республикэм и щIыналъэм щыщу мэзхэм куэд ямыубыдми, абыхэм куэду къыщокI зыхуэсакъыпхъэ жыг лIэужьыгъуэхэр икIи зыхуэзэ щIыналъэхэми мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абы къыхэкIыу ахэр хъумэнымрэ зэтегъэувэжынымкIэ лэжьыгъэхэр япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ. 2020 гъэ лъандэрэ мэз фондым хыхьэ щIыхэм жыгыщIэу мелуаным щIигъу щыхасащ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Советников Иван къыхигъэщхьэхукIащ абы и лъэныкъуэкIэ республикэм лэжьыгъэфI зэрыщекIуэкIыр икIи хэхауэ жиIащ мафIэсхэр къэмыгъэхъунымкIэ нэхъ шынагъуэу щыт лъэхъэнэхэм профилактикэ Iуэхухэр щIэгъэхуэбжьапхъэу къызэрилъытэр.

Республикэм и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, мафIэсхэм я шынагъуэр ягъэмэщIэн папщIэ мэзхэм я щытыкIэм зэрыкIэлъыплъ техникэ лIэужьыгъуэу 67-рэ иужьрей зэманым къащэхуащ. 2019 гъэм нэсыху апхуэдэ зэфIэкI республикэм иIакъым. Профилактикэ лэжьыгъэр нэхъ зэуIуу къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэщIыгъуу зэдолажьэ мэз хозяйствэм и IэщIагъэлIхэр, МЧС-м, хабзэхъумэ органхэм я IэнатIэхэр. Абы и фIыгъэкIэ блэкIа 2022 гъэм мэзхэм зы мафIэси къыщыхъуакъым.

КIуэкIуэ Казбек апхуэдэу къыхигъэщхьэхукIащ мэз хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр къэIэтыным республикэм и Правительствэр иджыпсту зэрегупсысыр. Абы Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым фIыщIэ хуищIащ мэзхэр зехьэным елэжь щIыналъэ IэнатIэм и нэIэ зэрытригъэтым, ар техникэкIэ къызэгъэпэщыным и зэфIэкI зэрыхилъхьэм папщIэ.

ИужькIэ  Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым Налшык къалэм щригъэкIуэкIащ мэз Iуэхухэмкiэ къэрата полномочиехэр Урысей Федерацэм и субъектхэм нэхъ тэмэму къагъэсэбэпынымкIэ хэкIыпIэхэм ятеухуа зэIущIэ. Абы 2022 гъэм щыIа лэжьыгъэм кърикIуахэр къыщапщытэжащ икIи 2023 гъэм къапэщыт къалэнхэр щаубзыхуащ.

ЗэIущIэм хэтащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм, Кърымым, Севастополь, Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожскэ, Херсонскэ областхэм я лIыкIуэхэр. Сотников Иван Къэбэр-дей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и унафэм щIэт IуэхущIапIэхэм тыгъэ яхуищIащ мэзхэм зэрыкIэлъыплъ техникэ Iэмэпсымэу 10.

**Урысей Федерацэм и цIыхухэр дэ учётым гъэувынымкIэ муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я комиссэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №138-УГ-мкIэ къищтахэм, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. ЦIыхухэр дзэ учётым гъэувынымкIэ муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я комиссэхэм, «Урысей Федерацэм и цIыхухэр 2023 гъэм пэублэ дзэ учётым гъэувыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №138-УГ-мкIэ къищтахэм, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэ учётым гъэувынымкIэ Налшык къалэ округым и комиссэм и гуп нэхъыщхьэм:

мы къыкIэлъыкIуэхэр хэгъэхьэн:

**Мутузовэ С.Р**. - Налшык къалэ округым и «Къалэ поликлиникэ №2» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и хирург-дохутырыр

**Казанцевэ М.В**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и нарколог-дохутырыр, психиатр-дохутырыр;

къыхэгъэкIыжын Бэлахъуэ З.О, Жабоевэ В.Г. сымэ;

б) Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэ учётым гъэувынымкIэ Налшык къалэ округым и комиссэм и гуп къуэдзэм:

хэгъэхьэн Хъуэжэ Р.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и нарколог-дохутырыр, психиатр-дохутырыр;

къыхэгъэкIыжын Казанцевэ М.В.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм гъатхэпэм и 15-м*
*№22-УГ*

● ЗэIущIэхэр

# Налшык и паркым жыгищэ щыхасэ

**Гъатхэпэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ мэзыр зехьэнымкIэ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэ округхэм хиубыдэ республикэхэм я къалэнхэр зэрагъэзащIэм щытепсэлъыхьа, мы унэтIыныгъэмкIэ 2022 гъэм зэфIахамрэ 2023 гъэм ялэжьын хуейуэ яубзыхуамрэ щытепсэлъыхьа зэIущIэ. КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэта зэхуэсым хэтащ ди гъунэгъу щIыпIэхэм я лIыкIуэхэри.**

МЭЗ хозяйствэм и къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI **Советников Иван** иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**.

- Ди IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ мэзым мафIэс къыщымыгъэхъуныр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мафIэсхэм щIыналъэ зыбжанэм щыщIидзагъэххэщ. Абы къыхэкIыу, ди къару псор мэзхэр хъумэным хуэдунэтIын хуейщ, - къыхигъэщащ Советниковыр къыщыпсэлъам.

Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэ округхэм, Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожскэ, Херсон областхэм «Мэзхэр хъумэн» къэрал проектымрэ «Мэз хэзяйствэм зегъэужьын» къэрал программэмрэ 2022 гъэм зэрагъэзэщIамрэ 2023 гъэм къапэщылъымрэ тепсэлъыхьащ Ипщэ щIыналъэ округым Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и унафэщI **Кочтенич Пётр**.

- Мы къэрал проектхэм къалэн нэхъыщхьэу къытхуагъэувыр мэзхэр хъумэнымрэ абы къыщыкI къэкIыгъэхэм хуэсакъынымрэщ. Абы теухуауэ щIыналъэхэм щрагъэкIэкI лэжьыгъэхэр зэхуэдэкъым. Псалъэм папщIэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, 2022 гъэм зыхуэдгъэувыжауэ щыта къалэнхэр проценти 100-кIэ щагъэзэщIащ Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ. Дагъыстэн, Ингуш, Шэшэн республикэхэмрэ Краснодар краймрэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм зэрыхэщIам гу лъывэзгъэтэнут. Жыг хэсэныр нэхъ мащIэ щыхъуащ Кърым, Къалмык, Ингуш республикэхэм. Абы гулъытэ  хуэщIын, нэхъри елIэлIэн хуейуэ къызолъытэ. Мэзхэр жыгыщIэхэмкIэ щагъэнщIащ Шэшэн Республикэм, Ставрополь крайм, Ростов областым, - жиIащ Кочтеничым.

УнафэщIым къыхигъэщащ язынықъуэ щIыналъэхэм хасэну жыгыщIэхэр зэрамыIэр е зэрахуримыкъур. Ар къызыхэкIыр агротехникэ тэмэм зэрыщымыIэрщ, илъэсым и пэм деж къапэщылъ лэжьыгъэр зэрамыубзыхурщ, жыг хэсэгъуэм зэрызыхуамыгъэхьэзырырщ.

- Псалъэм папщIэ, 2022 гъэм Ростов областым жыгыщIэ яхурикъуртэкъыми, Луганск ЦIыхубэ Республикэм щыIэ Мэз хозяйствэм деж къыщащэхури, хасауэ щытащ. Апхуэдэ Iуэху щIэкIэмкIэ сыарэзыкъым, ди лэжьыгъэм сондэджэр Iуэху къыхэкIын хуейкъым, - къыхигъэщащ Кочтеничым.

- Абы щIэщхъу хэлъу къэслъытэркъым, уеблэмэ зыр адрейм дэIэпыкъуэжу щIыналъэхэр зэрызэдэлажьэм, я лэжьыгъэм тегузэвыхьу хэкIыпIэ къызэралъыхъуэр си гуапэ мэхъу, - жиIащ абы теухуауэ Мэз хозяйствэм и къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Советников Иван.

2022 гъэм ягъэзэщIа лэжьыгъэр къыщапщытэм, зэIущIэм къыщыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэзхэм зэи мафIэс къызэрыщымыхъуар, жыг хэсэнымрэ жылэ зехьэнымкIэ пэрыт щIыналъэхэм зэрыхиубыдэр.

КъулыкъущIэхэр зэщIыгъуу Налшык къалэм и паркхэм ящыщ зым жыгищэ щыхасащ а махуэм, абы къищынэмыщIауэ Мэз хозяйствэм и къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Советниковым щIыналъэ лесничествэхэм тыгъэ хуащIа машинэхэм я IункIыбзэхэр яритыжащ.

**ФЫРЭ Анфисэ**.

# Жыджэрт щIалэгъуалэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжымрэ Промышленность псынщIэмкIэ Налшык колледжымрэ щекIуэкIащ наркотикым пэщIэтынымкIэ «Ажалыр щащэр жыIэ» урысейпсо Iуэхум хыхьэ дерсхэр.**

АБЫХЭМ я лъабжьэу щытар щIалэгъуалэр гъащIэр узыншэу ехьэкIынымрэ наркотикым пэIэщIэу псэунымрэ къыхуеджэнырт.

КъБР-м и МВД-м наркотикхэр зэрызэблагъэкIыр къэпщытэнымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэр, Урысейм и УМВД-м балигъ ныбжьым нэмысахэм я IуэхухэмкIэ и Налшык къалэ къудамэм и инспекторхэр, Наркологие сымаджэщым и дохутыр психиатр-наркологыр студентхэм яхуэзащ. Ахэр колледжхэм щIэсхэм яхутепсэлъыхьащ наркотикымрэ акъылыр зыгъэутхъуэхэмрэ цIыхум и узыншагъэм зэран зэрыхуэхъум, ахэр зэрызрахьэлIэм, зэрахъумэм е зэрызэбграгъэкIым теухуауэ административнэ, уголовнэ Iуэхухэр зэрыщыIэм.

ХьэщIэхэм жаIащ республикэм телефон хэха зэрыщылажьэр, хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэращэм гу лъатамэ, упсалъэ хъуунэ.

ЩIалэгъуалэр дерсхэм жыджэру хэтащ, хабзэр къызэрызэпауд Iуэхухэмрэ наркотикым зэрыпэщIэт Iэмалхэмрэ ятеухуа упщIэ куэд къахуэкIуахэм иратащ.

ЗэIущIэм и кIэм студентхэм хуагуэшащ КъБР-м и МВД-м дзыхь зэбгъэз и телефон номерыр зытет тхылъымпIэхэр.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу**.

● ЗэIущIэхэр



# ЯхузэфIэкIам хоплъэжри, къапэщылъхэр яубзыху

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ екIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ республикэм и щэнхабзэ, гъуазджэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм 2022 гъэм яхузэфIэкIар къэпщытэжыным, дызэрыт илъэсым къриубыдэу къапэщылъ къалэнхэр убзыхуным. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, муниципальнэ щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, театрхэм, концерт IуэхущIапIэхэм, музейхэм, библиотекэхэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, методикэ центрхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщI щэнхабзэ IуэхущIапIэ куэдми я унафэщIхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

- Къэрал щэнхабзэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм къытхуагъэув пщэрылъхэр гъэзэщIэным ехьэлIауэ, зи гугъу тщIы пIалъэм тхузэфIэкIар мащIэкъым, - жиIащ министрым. - «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр ди щIыналъэм щыгъэлэжьэным елIэлIащ министерствэр. Апхуэдэуи профессиональнэ гъуазджэм зегъэужьыным, щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэм Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къахуэщэхуным, цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм ядэIэпыкъуным, республикэм и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм цIыху нэхъыбэ хэгъэплъэным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ куэд тщIащ. ЖыпIэнурамэ, республикэм и жылагъуэ-щэнхабзэ гъащIэр блэкIа илъэсым Iуэху дахэхэмкIэ къулейуэ щытащ. Абыхэм я курыхт КъБР-м и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъур зэрыдгъэлъэпIам и щIыхькIэ ди щIыналъэм щызэхэтша пшыхь зэмылIэужьыгъуэхэр. Гулъытэшхуэ зыхуэтщIахэм ящыщщ Щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным и илъэсу щыта 2022 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIар.

Къэбгъэлъагъуэмэ, гъуазджэхэмкIэ сабий школу 3-м макъамэ Iэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, тхылъхэр къахуэтщэхуащ, щэнхабзэмкIэ унэу 17-м къэралыр дэIэпыкъуащ, Дзэлыкъуэ, Iуащхьэмахуэ районхэм я щIыналъэ музейхэр техникэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэдгъэпэщащ. Республикэм и къэрал, муниципальнэ библиотекэу 159-м я тхылъ гъэтIылъыгъэхэм къыхэдгъэхъуащ. Хэкум къыщхьэщыжу хэкIуэдахэр щыщIалъхьа щIыпIэу 21-рэ зыхуей хуэдгъэзащ.

АдэкIэ Къумахуэр гупсэхуу тепсэлъыхьащ щэнхабзэм и IэнатIэ псоми. Абы гулъытэншэу къигъэнакъым зыхуей хуэзэу зи лэжьыгъэр къызэгъэпэща зы IэнатIи, егъэфIэкIуэн хуейуэ къызыпэщылъи. Иужьрейхэм ящIапхъэхэри игъэнэIуащ министрым.

СМИ-м и лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм нэхъыщхьэу гу зылъатэн хуейуэ къагъэлъэгъуа унэтIыныгъэ зыбжанэм тэмэму зэрыпэлъэщар. Псалъэм и хьэтыркIэ, журналистхэм цIыхухэр щагъэгъуэзащ УФ-м и лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъуам (тхыгъэрэ нэтыну мини 3-м щIигъу ягъэхьэзыращ), КъБР-м и къэрал къулыкъущIапIэхэм я лэжьыгъэм (мини 7), республикэм и жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ гъащIэм (мини 6), щIэпхъаджагъэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным хухэха хъыбархэм (500), дзэм ираджэжауэ Украинэм щыIэ ди щIалэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ зэрадэIэпыкъум, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм теухуауэ хъыбар нэпцIхэр зыгъэIухэм я мурадхэр къазэремыхъулIэнум (мини 3), нэгъуэщIхэми.

Къызэхуэсахэм гуапэ ящыхъуащ къэрал стипендиехэр зрат цIыху 696-м къаIэрыхьэ ахъшэм хуэдитIкIэ, къэрал грантхэми апхуэдизкIэ зэрыхэхъуар.

Зи унафэщI IуэхущIапIэхэм я ехъулIэныгъэхэм, зыхунэсауэ зэрыгушхуэхэм, зэгъэзэхуэжын хуейуэ къапэщылъхэм я гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, ЦIыхубэ художественнэ IэщIагъэхэмкIэ республикэ центрым и унафэщI **Урыс Аслъэн**, Прохладнэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **ПщыцIыкIу Алесэ**, зи нэхэм ямылъагъухэм папщIэ Налшык дэт республикэ библиотекэм и унафэщI **Хьэмдэхъу Жаннэ**, «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Суановэ Залинэ**, Май къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Бездомная Ольгэ**, «Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Балъкъэр Юрэ** сымэ.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ Хъубий Марат.

- Лэжьыгъэр къызыщIэзыкъуэж зэIущIэр гуапэу щытын хуей къыщIэкIынщ, абы ехьэлIауэ згъэхьэзыра псалъэхэри сиIэщ. Ауэ япэщIыкIэ сыкъызытеувыIэнур ди къэралыр иджыпсту зэрыт политикэ щытыкIэм елъытауэ, ди сабийхэм ящIэм, ахэр зыхуэкIуэм, абыхэм къахэкIынум нэхъ дегупсысын хуей зэрыхъуарщ, - жиIащ унафэщIым. - Президентым и унафэ щыIэщ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным теухуауэ. А лъэныкъуэмкIэ ди лэжьыгъэм укъеплъмэ, ди Iэр зыхунэмыс куэд абы хыболъагъуэ. Министерствэм и лэжьыгъэр къыщипщытэж зэIущIэкъым мыр, абы и нэIэм щIэт IуэхущIапIэ псоми, зэгухьэныгъэхэми, жылагъуэ IэнатIэхэми, республикэм и гъащIэм хэт дэтхэнэ зыми тхузэфIэкIаращ къыщыгъэлъэгъуа хъуар. Нобэ ди къэкIуэнуращ дызытелажьэри, ар къытщIэхъуэ щIэблэм зэрелъытар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Абы щхьэкIэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэн, хабзэр, бзэр егъэщIэн хуейщ, нэхъыжьхэм яхузэфIэкIар, дидеж къахьэсар къэдгъэсэбэпыныр, тхъумэныр псэкупсэ къулеигъэм щыщу зы мащIи дымыгъэкIуэдыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Школыр щхьэхуэу, абы щеджэ сабийхэр нэгъуэщI лъэныкъуэу хъунукъым (аращ иджыпсту ди нэгу щIэкIыр), зэман дэкIмэ, ди IэфракIэм дедзэкъэжынущ. Хъарзынэщ щэнхабзэмкIэ унэхэр зэрыдухуэр, ауэ ахэр нэщI хъу хъунукъым, уэрамым сабий къыдэмынэу абы ешэлIэн хуейщ. Зы бжыгъэ гуэрхэм яужь дитурэ, тщIа-длэжьам теухуауэ тхын хуейм зедгъэлIалIэурэ, абыхэм нэхъыщхьэ дыдэу къакъуэтын хуейхэр - сабийхэр - зыщыдогъэгъупщэ.

АдэкIэ ар щхьэхуэу къытеувыIащ 2022 гъэр IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытам, IэнатIэхэм я ехъулIэныгъэм, щэнхабзэмкIэ унэ куэд зэраухуам, зэрызэрагъэпэщыжам, нэгъуэщI куэдми. ЖыпIэнурамэ, игу зэрыгъуи зыгъэгушхуи гулъытэншэу къигъэнакъым Хъубий Марат.

ЗэIущIэм и кIэухыу абы кърихьэлIахэм IэIэткIэ къагъэлъэгъуащ министерствэм и лэжьыгъэр зэрыхъарзынэр, 2023 гъэм къриубыдэу абы и нэIэ зытригъэтын, зэфIихын хуей къалэнхэр щыубзыхуа унафи къащтащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Сымаджэ «къиинхэм» еIэзэхэр

● Узыншагъэ

**Республикэм и Наркологие диспансерым щекIуэкIащ 2022 гъэм зэрылэжьар къыщапщытэж зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам.**



«ДИСПАНСЕРЫМ къищынэмыщIауэ, республикэм и район сымаджэщхэми наркологие пэшхэр щолажьэ, дэтхэнэми зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэрэ чэнджэщрэ цIыхухэм щагъуэтынущ, - жиIащ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Удаловэ Ольгэ. - Илъэс блэкIам диспансерым щагъэхъужащ сымаджэ 3134-рэ, абыхэм ящыщу 551-м къыщеIэзар махуэ стационарырщ. Поликлиникэм и нарколог-психиатрхэм зыхуагъэзащ цIыху 69116-м. 2022 гъэм диспансер-поликлиникэ къудамэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм япкъ иткIэ, Налшык къалэ щыщу диспансер кIэлъыплъыныгъэм ягъэуващ цIыхуи 172-рэ».

Наркодиспансерым и лэжьыгъэм иджырей мардэхэм къагъэув зыужьыныгъэхэр халъхьащ. Апхуэдэу дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу IуэхущIапIэм екIуалIэхэр зэтримыхьэн папщIэ хабзэ пыухыкIахэр къыхалъхьащ, сымаджэхэм я медицинэ тхылъхэр электрон жыпхъэм хуагъэкIуащ.

IуэхущIапIэм щрагъэкIуэкIащ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэри. Диспансерым и поликлиникэм и етIуанэ къатыр, медицинэ кIэлъыплъыныгъэхэр, къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкI пэшыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжащ. Сымаджэщыр зыхэт унэми лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкIащ.

Министрым жиIащ Наркодиспансерым щекIуэкI лэжьыгъэм арэзы къызэрищIыр, я къалэнхэм хъарзынэу зэрыпэлъэщыр, унэтIыныгъэм щIэуэ къыхыхьэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпынымкIэ IуэхущIапIэр республикэм щыпэрытхэм зэращыщыр. «Сымаджэ нэхъ «къиинхэм» фызэреIэзэр къэплъытэмэ, фызыIууэ гугъуехьхэр зыхуэдэри гурыIуэгъуэщ, - жиIащ абы. - Апхуэдэу щытми, IэнатIэм зэфIэкI лъагэхэр къыщывогъэлъагъуэри, адэкIи фефIэкIуэну си гуапэщ».

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 18,**
*щэбэт*

✦**Жейм и дунейпсо махуэщ**
✦**1913 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ округым и лъэпкъхэм я I съездыр.
✦**1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хъызыр**.
✦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ**.
✦**1958 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, полковник, АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьмэадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **ЛIымыщыкъуэ Рэмэзан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 19,**
*тхьэмахуэ*

✦**Iуэхутхьэбзэ зыхуащIэм и дунейпсо махуэщ**
✦**Урысейм и псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэм къулыкъу щызыщIэхэм я махуэщ**
✦**1930 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Билал**.
✦**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДзыхьмыщI Зарэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 8 - 11 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 20,**
*блыщхьэ*

✦**ЩIым и дунейпсо махуэщ**
✦**Насыпым и дунейпсо махуэщ**
✦**Астрологием и дунейпсо махуэщ**
✦**Социальнэ лэжьыгъэм и дунейпсо махуэщ**
✦**Лы мышхыным и дунейпсо махуэщ**
✦**1944 гъэм** Докшукинэ спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щIидзэжащ.
✦**1992 гъэм** «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэмрэ «Дыщэ вагъуэ» медалымрэ ягъэуващ.
✦**1967 гъэм** къалъхуащ композитор, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Абдокъуэ Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**«ЖаIащ» жыпIэу, умыщIэ уримыпсалъэ.**





# Я нэкIэ ялъэгъуар нэхъ гухэщIыжщ

**Тырку щIыналъэмрэ Сириемрэ зыхэхуа гузэвэгъуэшхуэм зи псэр имыхуза, зи гур цIыкIу имыщIа цIыху щыIэу къыщIэкIынкъым, ар дэнэ щIыпIэ щыпсэуми. Адыгэхэм абы хуаIэ щытыкIэр нэхъ гуащIэжщ а дунейкъутэжым ди лъэпкъэгъу куэдыщэ зэрыхэкIуэдам щхьэкIэ. Гузэвэгъуэм и хъыбарыр хэIущIыIу зэрыхъуу цIыху куэдым гукъыдэж ящIащ щIыхъейм и зэран зэкIахэм ялъэкIымкIэ зыщIагъэкъуэну. Япэ итахэм ящыщщ адыгэ лъэпкъыр. Дегъэгушхуэ дэнэ къэрали щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зылI и быну къызэрыувам, я дэIэпыкъуныгъэр гузэвэгъуэ зылъэIэсахэм зэхэдз щымыIэу зэхуэдэу зэралъысам. Хэт къегъэлакIуэт, хэт мылъку хухихащ, хэт хьэпшып зыхуеинухэр къызэрагъэпэщри яшащ. Къэмыхъугъарэт, ауэ къыщыхъужыкъуэми лъэпкъыр зэрызэкъуэувар, хьэлъэр зэрызэдаIэтар ди дежкIэ гугъэщ, гурыфIыгъуэщ, гушхуэныгъэщ. Унэ зэтещэхахэм я лъабжьэм зы цIыху и псэр пыту къыщIахыху - иреадыгэ, иретырку, ирехьэрып - дыгуфIэрт, хэкIуэдахэм я бжыгъэм хэхъуауэ жаIэху, дыгуIэрт. Шэч хэлъкъым зы псэ нэхъ мыхъуми къезыгъэлам мы дунейм фIыуэ щищIэфынур къызэрехъулIам. Абыхэми нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ Iуэхум хэтыфахэми я фIыщIэр инщ.**

ЩIЫР зэрыхъейрэ нобэр къыздэсым абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыным и гуащIэ ирехьэлIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэми. Абы и лIыкIуэхэр тырку щIыналъэм иджыблагъэ щыIащ. Гузэвэгъуэм зи Iыхьлы хэкIуэдахэм ахэр яхуэщыгъуащ, цIыхухэм яIущIащ. Ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхур зыIутыр зрагъэщIэну Тыркум кIуащ ДАХ-м и тхьэмадэ, УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэт **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, ДАХ-м и вице-президент, КъШР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым щыщ, Адыгэ телевиденэм и лэжьакIуэ **ГъукIэлI Сусаннэ** сымэ. Ахэр Тыркум тхьэмахуэм нэблагъэкIэ щыIащ, щIыр щыхъея щIыпIэхэм я курыхыу къалъытэ, ди лъэпкъэгъухэр куэду щыпсэу Къэхьрэманмараш къалэм кIуащ, къэхъукъащIэ бзаджэм зэтрикъута унапIэхэмрэ псэуалъэхэмрэ зрагъэлъэгъуащ.

ДАХ-м и лIыкIуэхэм Истамбыл кхъухьлъатэ тIысыпIэм деж къащыIущIащ Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэм (KAFFED) и Тхьэмадэ **Щоджэн Iумит**, Хасащхьэм щыщ **Тохъу Несрин**, адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Догъэн**, щыхьэрышхуэм дэт щIыпIэ адыгэ хасэхэм я унафэщIхэу **Чэпсынэ Онур**, **Елъкъэн Ирфан**, **Ащхъэрауэ Жан**, **Чэтокъуэ Умар** сымэ. Хасэ унафэщIхэм къызэрагъэпэща зэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыхухэм къатепсыха гузэвэгъуэр зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу лъэщIэгъэхуу зэрыщытар, куэдым унапIэ ямыIэжу пIалъэкIэ ягъэува псэуалъэ цIыкIухэм зэрыщIэсыр, зэрахузэфIэкIкIэ абыхэм зыщIагъэкъуэну яужь зэритыр. Апхуэдэу псалъэмакъым къыхэщащ Къэхьрэманмараш щIыналъэм щыпсэу адыгэхэм щхьэегъэзыпIэ я лъэпкъэгъухэм я деж зэрыщагъуэтар, нэщIу щыт унэхэр къратурэ ахэр зэрыщIагъэтIысхьар. ЩIыхъейм хиубыдахэр я закъуэу къызэрымынар, зыщыщ лъэпкъыр къуэтэгъу къазэрыхуэхъуар, псэ гузэвэгъуэ зылъэIэсахэм я Iуэхур Iэмалу щыIэхэмкIэ щагъэпсынщIэну зэрыхуейр цIыхугъэми адыгагъэми къигъэув пщалъэхэм зэращыщыр псоми зэрызыхащIар, зэрызэкъуэувапхъэр цIыкIуми инми къазэрыгурыIуари зэхуэсым щыжаIащ.

ЕтIуанэ махуэм ДАХ-м и лIыкIуэхэр щIыр щыхъея щIыпIэхэр зрагъэлъагъуну ежьащ. Абдеж абыхэм къахуэзащ ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Мамхэгъ Йылдыз**, Къэхьрэманмараш Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Урым Бэчыр**, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым щыщхэу **ХьэпащIэ Бильгерэ Думэныщ Феритрэ**, Къэхьрэманмараш Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм щыщ **Дзэшокъуэ Ахьмэд**, Гёксун къалэм дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Щхьэныкъуэ Ахьмэд**, щыхьэр жандермием и дзэм и унафэщI **Егъэн Толга**, нэгъуэщIхэри. ХьэщIэхэр Адыгэ Хасэм и унэм ирагъэблэгъащ. Къыхэгъэщын хуейщ хасэ унэр щIы хъеям зэтримыкъутэу къэна псэуалъэ зырызхэм зэращыщыщыр, ар гузэвэгъуэ хэхуа цIыхухэм щхьэкIэ къызэхуахьэс ерыскъыпхъэхэм, щыгъынхэм, тепIэнщIэлъынхэм я хъумапIэ зэрыхъуар. ЛъэпкъкIэ зэхэдз имыIэу щIы хъеям и ягъэ зэкIахэр псори абы къокIуалIэ, дэтхэнэри Iэмалыншэу зыхуэныкъуэхэмкIэ къыщызэрагъэпэщ. Хасэ унэм щызэхэта зэIущIэм нэхъ убгъуауэ и гугъу щащIащ цIыхухэм зэрызыщIагъакъуэ щIыкIэхэм, хуащIэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэхэм. ЕкIуэкI Iуэхухэм нэхъ кууу зыщагъэгъуэза нэужь, ДАХ-м и лIыкIуэхэм адыгэ къуажэхэр къызэгъэтIысэкIа Гёксун къалэмкIэ яунэтIащ.

Къыхэгъэщын хуейщ Гёксун Тыркум щыIэ Джылахъстэнейм и щыхьэр цIыкIуу зэрыщытыр, абы адыгэ куэд зэрыщыпсэур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIы хъеям и зэран нэхъ зэкIахэм ящыщщ къалэр. Къэхъукъащ Iэм и лъэужьыр гъэкIуэдынымкIэ зэзыгъэуIу центр къыщызэIуахащ абы. Ар Миллет Арсланбей и цIэр зезыхьэ жыг хадэм ирагъэуващ. Мыбдеж хьэщIэхэм къащыпежьащ Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэм (KAFFED) и вице-президент **Мамхэгъ Мутлы**, Къэхьрэманмараш щIыналъэм и губернатор-зэщIэгъэуIуакIуэ **Джанальп Экрем**, Гёксун щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и къулыкъущIапIэм и унафэщI Джулукар **Мустафа Джанер**, Гёксун къалэм и Iэташхьэ **Айдын Хъусен Джошкун** сымэ.

Джанальп Экрем ДАХ-м и лIыкIуэхэр щIыпIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм щигъэгъуэзэурэ къыхигъэщащ адыгэхэр гуащIафIэу псапащIэ лэжьыгъэхэм зэрыхэтар. «ЩIыр хъейуэ цIыхубэр зэрызехьэ щыхъум, адыгэхэм псынщIэу зызэщIагъэуIуэфащ, цIыху щыхуэныкъуэ IэнатIэхэм Iуувэурэ къутахуэхэм ящыщу зэхэхын хуей щыIэмэ, зэтрахащ, сымаджэщым нэшэсын хуей къахэкIмэ, псынщIэу абы нагъэсащ, щхьэегъэзыпIэ хуэныкъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ. Адыгэхэр сыт щыгъуи щапхъэ зытепх хъун лъэпкъыу къогъуэгурыкIуэ. Къызэрытхыхьэрэ нобэр къыздэсым пэжыгъэмрэ цIыхугъэмрэ я Iэпэгъуу къытхэтщ. Абыхэм етплъа фэр нобэми а зэрыщытщ, щIалэгъуалэр нэхъыжьхэм йодаIуэ, ахэр зыхэIэба Iуэхум укIэлъымыгъуэзэжми хъунущ. Сэ къыслъысу дзыхь яхузощI, си гуапэу садолажьэ», - жиIащ губернаторым.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий КъэхъукъащIэм и лъэужьыр гъэкIуэдынымкIэ зэзыгъэуIу центрым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм арэзы къызэрищIар къыхигъэщащ. «Гуауэм деж къыпкъуэувэм ар мащIэ зэрыпщищIым шэч хэлъкъым. Мыпхуэдэ къэхъукъащIэхэращ цIыхугъэм и пщалъэхэр нэсу къыщылъагъуэр. Дэхуэхам зэхэдз щымыIэу зыщIэбгъэкъуэныр хэт дежкIи пщэрылъщ. Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыпсэууэ фызыхэт гуIэгъуэр псэкIэ зыхэзымыщIа щыIэкъым. Япэ махуэхэм къыщегъэжьауи ар къызэрывдагъэмэщIэным и Iэмалхэр къалъыхъуэу щытщ. Фызэримызакъуэр, щIыбагъ фызэриIэр фщIэну дыхуейт», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Гёксун къалэм КъэхъукъащIэм и лъэужьыр гъэкIуэдынымкIэ зэзыгъэуIу и центрыр КъарэIэхьмэд адыгэ къуажэм щыщ Балъкъэр Джумхур и фабрикэм щIэтщ. Гёксун къагъэхьа хьэпшыпхэр щызэтралъхьэу щагуэшын папщIэ, ар гъэтIылъыпIэ ящIыну къалэм дэт Адыгэ Хасэм хуит къыхуищIащ. Абдеж хьэщIэхэм къащыIущIащ адыгэ къуажэхэм къикIа тхьэмадэхэр, жылэ унафэщIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. ЗэIущIэр гуапэу зэхэтащ икIи зыми ибзыщIакъым Хэкум къикIа хьэщIэхэр ялъагъуну, я псалъэ зэхахыну игъуэ зэрихуар я псэм зэрехуэбылIэр. «IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым», жаIэ. Дэ хамэщI дыщыпсэуми, дызыщыгугъ икIи дызыхуеплъэкI хъун щIыбагъ дызэриIэр зыхэдвгъэщIащ. КъытхуэгумэщIын, дызыхэт псэ гузэвэгъуэр къыддэзыгуэшын цIыху ди адэжьхэр къызэрыкIа щIыпIэхэм зэрыщыIэр дэркIэ зимыуасэ щыIэкъым. Мыпхуэдэ махуэхэм фызэрыдигъусэм дызыхэт бэлыхьхэр ягъэмащIэ», - жаIащ зигу къызэфIэна тхьэмадэхэм.

Илъэгъуамрэ зэхихамрэ къыщызэщIикъуэжым, Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэм (KAFFED) Iуэхушхуэ зэрызэфIагъэкIар. «Ди гур ирихэщIу хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ дэ дыкIэлъыплъырт къэхъукъащIэхэм. Ауэ ди нэкIэ тлъэгъуар куэдкIэ нэхъ гухэщIщ икIи гугъэкIуэдщ. Дыкъызыхыхьа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ сыт хуэдизу зашыIэми, я нэгум щIэлъ гуауэр умылъагъункIэ Iэмал иIэкъым. Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэшхуэм къызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ. КъулыкъущIи къызэрыгуэкI цIыхуи я жьэм жьэдэлъщ ар. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт щIалэгъуалэр. Псэемыблэжу, жэщ-махуэ ямыIэу, жыжьэгъунэгъу жамыIэу дэни нэсу щIыр щыхъея щIыпIэхэм щысэбэпащ, къыжраIэр къалэн зыщащIыжу Iуэхур зэрагъэкIуащ. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм уегъэгушхуэ, ди щытыкIэ-зэхэтыкIэр апхуэдэ дыдэу зэрымыгугъапIэншэри зыхыуегъащIэ. Гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыным щапхъэ ягъэлъагъуэу хэтахэм фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейт. ЦIыхухэм иджыри дэIэпыкъуныгъэ къалъыхъуэ, а Iуэхур зэпыбгъэункIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейт гу зылъытапхъэ гуэр. ЦIыхухэм я псэупIэр зэгъэпэщыжамэ, абдеж я псэуныгъэр зэтес щыщIыжамэ мынэхъыфIу пIэрэт, езыхэр зэса щыIэкIэм къыщхьэщыкI нэгъуэщI къуажэ е къалэ бгъакIуэ нэхърэ?! Апхуэдэ дэIэпыкъукIэм цIыхухэм нэхъ псынщIэу зрагъэужьыжыну къытщохъу, арыххэми ятелъ псэ гузэвэгъуэр нэхъ егъэмащIэ, къызэхэуами, я мылъкур къаIэтыжыну гукъыдэж нэхъ къарет. Хъуххэнумэ, мис а гъуэгур пхыша зэрыхъунум фегупсыс», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Апхуэдэу ДАХ-м и тхьэмадэм къыхигъэщащ езыр зыхэт, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я къэрал-жылагъуэ зэгухьэныгъэм щыщхэри къэхъукъащIэм зэригъэнэщхъеяр, абы и лъэужьхэр гъэкIуэдынымкIэ щIэгъэкъуэн хъунуи зэрыхьэзырыр. «ЩIыр щыхъея щIыпIэхэм щыпсэухэм ядэIэпыкъуным теухуауэ къыхэтлъхьа псапащIэ жэрдэмыр зэпыуакъым, иджыри йокIуэкI. Къэрал хабзэхэр къызэпыдмыуду абы къыхэкIа псори хуэныкъуэхэм зэраIэрыдгъэхьэным догупсыс, ДАХ-мрэ тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэмрэ абы хэкIыпIэ хуэхъунур къыдолъыхъуэ», - къыхигъэщащ тхьэмадэм.

ЗекIуэм къыщаIэтащ нэгъуэщI зы Iуэхугъуи. Ар Хэкум къихьэжынымрэ къэралитIым я цIыхуу щытынымрэ ехьэлIат. «ДАХ-м дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, зэи IэщIыб имыщI лэжьыгъэщ Хэкум къэкIуэжыну хуейхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр. Тыркум щыщу ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэми, хэку еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьа ди лъэпкъэгъу щIалэгъуалэми мызэ-мытIэу къаIэт мы псалъэмакъым и зэфIэхыпIэхэр къыдолъыхъуэ, ар нэхъ гъэпсынщIауэ къызэгъэпэща зэрыхъуным иужь дитщ. ДыхущIэкъунущ кIыхьлIыхь дымыщIу ар зэрызэфIэдгъэкIынум. Ауэ лъэпкъ Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьэ псори дызэрыщIэн икIи дызэлъэIэсу дыщытын хуейщ. ЗэрыжаIэщи, дызэкъуэтмэ, дылъэщщ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Шэч зыхэмылъыжращи, гузэвэгъуэм узэкъуимыгъэувэмэ, зым и гуауэр адрейм зэрызыхищIэр къримыгъащIэмэ, зытхъумэжын хуейщ жытIэу къэтпсэлъхэм пщIэ яIэкъым. Адыгэ щыпсэу хэгъэгухэм щыхъея щIым и макъыр джэрэпэджэжу хэкурысхэм я гущIэм щIыхьащ икIи зэщIигъэпIейтеящ. Ди лъэпкъэгъухэм щхьэпэ зэрахуэхъунумрэ зыхэт гузэвэгъуэм къыхэша зэрыхъунумрэ ехьэлIауэ цIыхубэр игъэпсэлъащ, Iэмалхэр кърагъэлъыхъуащ. Абы къегъэлъагъуэ лъэпкъыу дунейм дызэрытетыр.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

# Зыми емыщхь миссис Севидж



***ЖьакIэмыхъу КIунэ Джон Патрик и «Странная миссис Сэвидж» пьесэ цIэрыIуэм ехъуапсэрт. Ар ди театр утыкум къэрихьэну и нэ къыхуикIыу, абыкIэ цIыхуу щыIэм яжриIэфынум къару къыхилъхьэу гукIэ зыкъомрэ игъэфIащ. ИтIанэ къищтэри адыгэбзэ ищIащ. Адыгэ театрым и унафэщI Пащты Иринэрэ и режиссёр нэхъыщхьэ Шыбзыхъуэ Басиррэ я пащхьэ ирилъхьащ. А тIум ар режиссёр Дэбагъуэ Роман IэщIалъхьэжри... театреплъхэр ди джэгуакIуэфIхэм дыкъагъэфIащ иджыблагъэ! Роль нэхъыщхьэр зыгъэзэщIа ди театр Гуащэм нобэ цIыхуу щыIэм зыдэдмылъагъужу тфIэкIуэд лъапIагъэр - ЦIыхугъэр - театр утыкум къыщытхуишиижащ. Игу зэгъа? Зэгъащ. Утыкум къэрихьа образым пкърылъщ гуащIэ, ар КIунэ хуэдэу зыхозыгъэщIэн актрисэ куэд щыIэу фIэщщIыгъуейщ. Спектаклыр репертуарым щIэх хамыхыну дыщогугъ.***

## Акъылымрэ псэмрэ я зэдауэ

Джон Патрик «Зыми емыщхь миссис Севидж» пьесэр щитхар 1950 гъэрщ. Ар урысыбзэ зэращIу (1960 гъэм) театрхэм япхъуэтащ, ди къэралым хыхьэ лъэпкъхэм я бзэкIэ зэрадзэкIым - ягъэувурэ цIэрыIуи хъуащ. И щэхур сытыт? Ахъшэрыбжэ цIыху акъылымрэ гурыщIэхуэлIэ псэмрэ я зэхуакум дэлъ зэныкъуэкъурщ. Сыт зэманми. Зэпекъуу. Акъылыр текIуэмэ, цIыхупсэр бохъшэшхуэ мэхъу, псэр текIуэмэ - акъылыр ЦIыхугъэм хуолажьэ. А тIум я зэдауэр зыгъэлъагъуэ пьесэфIхэм гъащIэ яIэщ. Дэбагъуэ Роман адыгэ театрым мы пьесэр хуигъэуву къыщытщIэм, театреплъхэр дыгуфIащ. ЗэIусэм псэ къыIуигъакIэу Кавказ Ищхъэрэм и режиссёр нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зым и лэжьыгъэщIэм ущымыгуфIыкIыпIэр иIэт?! Зэман мащIэ дыдэм къриубыдэу абы утыку къищIар нэхъ гуапэу икIи гурыхьу си щхьэкIэ къысщыхъуащ, Урысейм и театрышхуэхэм ар зэрыщагъэувам еслъытри. А спетаклхэм я дагъуэхэр зэхуэмыдэми, нэхъыщхьэ дыдэм ущхьэщаш. Зым я фащэхэр ямылейуэ щхъуэкIэплъыкIэщи, нэм къыщIоцIуэ, джэгуакIуэфIхэм ягъэлъагъуэр фIэщщIыгъуей пщащIу. Адрейм я макъамэр нобэ ятх цIрухэм ящыщщи, абы бжьыпэр еубыд, утыкум къыщыхъур зыхыуимыгъащIэу. НэгъуэщI зым джэгуакIуэхэр щыдрипсырийщ, ахэр щыпсэу унэм «ПсэупIэ тыншкIэ» уеджэ мыхъуну. «Теплъэрыджэгу-купщIэщIэх» къэIуэтэкIэр нэхъ зыфIэфI щыIэми, итIани, мы спектаклым макъамэ щIэзыгъэува Уэркъуасэ Артур журналист КъуэщIысокъуэ Марьянэ жриIам сыкъыщеджам, щIалэр сигу къипсэлъыкIауэ къыщIэкIащ: «Джон Патрик и пьесэр «комедия положений» жыхуиIэм хуэдэу режиссёрхэм щагъэув щыIэщ - узыгъэгупсысэм нэхърэ узыгъэдыхьэшхыр, нэм къыфIэнэр нэхъыбэу. Сэ Дэбагъуэм и еплъыкIэр нэхъ сфIэфIщ - апхуэдэут сэ езым си нэгу къызэрыщIэувэр пьесэм хэтхэр. Абы къыхэкIыу, макъамэри къыщыслъыхъуэнур сэркIэ занщIэу наIуэт». Артур къыхиха макъамэхэм (Шопен Ф., Десплэ А., Дадли Э. сымэ ятхахэм) кууэ зыхыуагъащIэ «псэупIэ тынш» зиIэ цIыху гумащIэхэм я щхьэ къэрикIуар.

## Мылъкур пщэдджыжь уэсэпсщ...

Миссис Севидж мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ цIыхубзщ, дызыхэт дуней хьэзэрышхым хэмызэгъауэ. Абы хуэмыщIахэм псапэ зэрахуилэжьыр, ахъшэ зэратригъэкIуадэр и мылъху бын щыкIахэм къагурыIуакъым. Анэм и щхьэр зэIыхьа я гугъэу, хэзэрыхьыжахэм щеIэзэ унэм ират, а псом ищIыIужкIи абы и мылъкур къыIэщIагъэкIыну яужь йохьэ. Нэпсеягъэм и гъэрыпIэм ихуа бынхэм ущеплъкIэ укъагъэуIэбжь, хэзэрыхьыжар ахэрауэ пфIэщIу. Анэм ар гущIыхьэ щыхъуу жеIэ: «Мыбыхэм умыбзаджэу уадекIуэкIыфынукъым. Сэ сыкъогубжь, зыгуэр яжызоIэри... сросымэджэж»... Дуней фIыгъуэр зыбгъэдэлъ цIыхубзым и псэм псэхупIэ щигъуэтыр а и бынхэр зыхэт гъащIэ хьэрэмыпсэ-нэпсейракъым, атIэ ахъшэми бохъшэми къару лъэпкъ щамыIэ, къабзагъэм и дуней хейрщ, «псэупIэ тыншырщ».

## «Миссис Севидж и ролымкIэ цIыхум яжесIэн сиIэт!»

ЖьакIэмыхъу КIунэ мы пьесэм щIехъуэпсар къызгурыIуэрт, итIани, дэтхэнэ зы журналистми зэрихабзэу, ар щыIэу хъуам къащIыхихамкIэ сеупщIати, мыращ жэуапу къызитар:

«Нобэ ди нэгу щIэкI гъащIэ гугъур, ди гупсысэ зэхэтхъуахэр, пщэдей нэху дыкъызыхуекIыну хъыбарыр дымыщIэу ди пщIыхьхэр къэзыгъаскIэ гукъеуэхэр куэд мэхъу. Ахэр къызэузырт сыхуэIэмалыншэу. Слъагъуу, си гур пыткIукIыу си нэгу щIэкIырт цIыхур дызэрыгужьейр. Ди нэ къыщхьэрипхъуауэ, хэкIыпIэу щыIэм я хущхъуэгъуэ тфIэщIу дызыкIэлъыжэ мылъкум щхъухь ди псэм къызэрыридзыр зыхэсщIащэрт. Псэр зыузэщI напэр, гулъытэр, гумащIагъэр зэрытфIигъэкIуэдыр слъагъурт. Зы унагъуэм исхэр зэхуэхамэ хъуми, зыми игъэщIэгъуэжыркъым. Ярэби, дауэ цIыхухэм зыхезгъэщIэн мы си гурыгъуз къомыр, жысIэу сыгупсысэурэ, пьесэр къысIэщIыхьащ. Нобэ цIыхуу щыIэр дызыхуэныкъуэу хъуар къыдгурегъаIуэ мыбы. Аращ сыщIехъуэпсар. Театр утыкур къэзгъэсэбэпу, миссис Севидж и ролымкIэ сэ цIыхум яжесIэн сиIэт. Ар си иужьрей ролми хэт ищIэн...»

## Iупхъуэм адэкIи... «зыми емыщхь КIунэ» къыщонэху

Зэман кIэщIым къриубыдэу спектакль гугъур гунэсу зыгъэува Дэбагъуэ Роман сыщепсалъэм, сэ гу лъыстащ декорацэ дахэм, сурэтыщIыр зэрыIэзэм, зэдзэкIакIуэм адыгэбзэ дахэ джэгуакIуэхэм зэраIурилъхьам, артистхэр хуэфащэу къызэрыхахам (ахэр Быдэ Хьэсэн, Тэмазэ Лиуан, Мысостышхуэ Маринэ, КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, Гуэщокъуэ Регинэ, Багъ Иннэ, МафIэдз Заирэ, Блашэ Имран, Хьэщхъуэжь Ислъам сымэщ), ахэр псори дахэу, гумрэ псэмрэ дыхьэу зэрыджэгуам, щхьэж и ролыр IупщIу ди нэгу къызэрыщIагъэувам, нэгъуэщI Iуэху зыкъомми. Ауэ псом я щхьэж къэхъур ЖьакIэмыхъу КIунэт: гурыхуэу, жьакIуэу. Ар дахэу утыкум иту иджыри илъэс куэдкIэ дигъэгуфIэну сызэрыщыгугъыр щыжесIэм, Дэбагъуэм мыр жэуапу къызитащ: «КIунэ удэлэжьэну насыпышхуэщ. Артистхэмрэ режиссёрымрэ ди Iуэхум куэд хэлъщ: гугъу уезыгъэхь, жыпIэр къызыгурымыIуэ, уи Iуэху еплъыкIэр къызыхуэмыщтэ, зыкъызыфIэщIыжа, лэжьэну хуэмей, зи Iэзагъым хэзыгъэхъуэну хуэщхьэх... куэдым уарохьэлIэ. Сэ згъэщIагъуэр КIунэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ. Ар цIэрыIуэуи, и лэжьыгъэм Iэзагъэ хуиIэуи, уэр нэхърэ нэхъыжьуи зыкъуигъащIэрткъым. Дыгъуасэ лэжьакIуэ къэкIуам хуэдэу, жыпIэу хъуар и щIэщыгъуэу зыщIешэ, сыт хуэдэ къалэнми и гур хыхьэу йолэжь, зрегъэлIалIэ, Iуэху еплъыкIэщIэ гуэр къыбдилъагъумэ утрегъэгушхуэ, къикIуэт иIэкъым. Артистышхуэхэм я щэн псори хэлъщ абы. Сэ си нэ къыхуокI лэжьыгъэ нэхъыбэ ЖьакIэмыхъу КIунэ дэсщIэну, апхуэдэ къысхуимыхуэми, ар лажьэу ди утыкум иту слъагъуну!»

## ДжэгуакIуэмрэ театреплъымрэ

Спектаклым хэт дохутыр Эммет егъэщIагъуэ Севидж дуней хуитым нэхърэ «псэупIэ тыншыр» нэхъ къызэрыхихыр икIи жреIэ: «Ущымыуэ. Мыбы щыпсэухэр зыхэтыр нэкъыфIэщI дунейщи, уэ къыпхуэныкъуэкъым. Укъызыхэкlа дунейращ акъылыншагъи, напэншагъи, бзаджагъи зэбэкIыр, хэзэрыхьыжахэм ейуэ къыщIэкIыр. Уэ пхуэдэ цIыхуфI хуэныкъуэр ахэращи, гъэзэжи ядэIэпыкъу».

ДжэгуакIуэр нэкъыфIэщI дунейм щоджэгу, театреплъыр абы щопсэу спектаклыр екIуэкIыху... ДжэгуакIуэм и псэм зепхъэх, театреплъым ейм зеукъэбз.

Псэм и гуащIэр зытымрэ ар къеIызыхымрэ зэхуэарэзыщи, Iэгуауэр я зэхуакум щозу.

**АБРОКЪУЭ Беллэ.**

# Мысрокъуэ СулътIан и иджырей адыгэ фэилъхьэгъуэхэр

**Щыгъын дизайнымкIэ PROfashion Masters урысейпсо зэпеуэм и IэдакъэщIэкIхэр щигъэлъэгъуащ Къэрэгъэш къуажэ щыщ адыгэ щIалэ Мысрокъуэ СулътIан. Абы утыку ирихьа щыгъынхэм адыгэ фащэм и пкъыгъуэхэр гъэщIэгъуэну къыщыгъэсэбэпащ.**

СУЛЪТIАН Бизнесымрэ дизайнымкIэ институтым (Москва) и ещанэ курсым щоджэ. ЩIалэм жеIэ иджыри сабий дыдэу щыгъыным и теплъэм, дыкIэм зэрыдихьэхар. Ар еплIанэ классым щIэсу арат дэн IэщIагъэм зыхуигъэсэну щытриухуам. Дизайнер IэщIагъэ зэрыщыIэр абы иужькIэщ къыщищIар. Еблaнэ классым щыщIэдзауэ абы къилъыхъуэн щIидзат а IэщIагъэм хухэха еджапIэ нэхъыфI.

Иджыблагъэ зыхэта зэпеуэм щилъэгъуахэм теухуауэ щIалэм жиIэр гъэщIэгъуэнщ. Апхуэдэу и гугъу ещI къежьапIэ хуэхъуам.

- Пэжщ, сэ къызгурыIуэрт ар цIыхъухъу IэщIагъэу зэрыщымытыр, абы къыхэкIыу си унагъуэм яфIэмыфIыну къысщыхъурт, - щыжеIэ Мысрокъуэм и интервьюхэм язым. - Ауэ сызэримыгугъауэ къыщIэкIащ. Уеблэмэ си унагъуэращ сытезыгъэгушхуар. Абы фIыщIэ яхуэсщI зэпытщ.

Шэч хэмылъу, къысщIэнакIэ куэдми срихьэлIащ. Си IэщIагъэр къыщащIэм ягъэщIагъуэу къыщIэупщIэжырт, емыкIу сыкъызэращIыр къыхагъэщу. Абы щыгъуэ си IэщIагъэр зищIысыр цIыху къэс щхьэхуэу яжесIэу щытащ, ауэ иджы зыми зыри къыгурызгъэIуэну яужь ситыжкъым.

Модэм ехьэлIауэ ди къэралым зэпеуэ мащIэ дыдэщ щыIэр. PROfashion Masters-м ди зэфIэкI дыщеплъыжыну ди егъэджакIуэхэм къыджаIати, сытегушхуащ. Адыгэ фащэм хэт пкъыгъуэхэр къыщыгъэсэбэпа щыгъын лIэужьыгъуэхэр сщIыри яхуезгъэхьати, зэпеуэм хэтыну къыхахахэм сыхэхуакъым. Ауэ си лэжьыгъэхэр ягу ирихьати, шоу иным щызгъэлъэгъуэну Iэмал къызатащ. Арати, Nelka** Компанием сригъэблэгъащ (Орёл къалэ дэтщ). Абы си сурэтхэм япкъ иткIэ макет ягъэхьэзырри, зыгуэрхэр зэзгъэзэхуэну къызэчэнджэщащ. Сызэрымыарэзыи сигу ирихьа гупсыси зэхызагъэхащ. Апхуэдэ производствэхэм уадэлэжьэныр икъукIэ Iуэху гугъущ, ауэ щыхъукIи куэдым ухуагъасэ.

Си фэилъхьэгъуэхэр гала-концертым и кIэух Iыхьэм щагъэлъэгъуащ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэр къызбгъэдыхьэурэ къызэхъуэхъуащ, зэпеуэм сыхыхьамэ, увыпIэхэм яз къызэрысхьынум шэч къызэрытрамыхьэр къызжаIащ. Гъэ къакIуэ Iэмал имыIэу зэпеуэм сыхыхьэну сытрагъэгушхуащ. Си фэилъхьэгъуэхэр зэрыщыту ящэхуну хьэзыру зыкъысхуэзыгъэзаи щыIэщ, ауэ здакъым, ар иджыри нэгъуэщI щIыпIэхэм щызгъэлъэгъуэну сыхуейщ. Сэ си мурадщ зэпеуэм сызэрыхэта щыгъынхэм, иджы сызэлэжьхэри дэщIыгъуу, Модэм и тхьэмахуэм щызгъэлъэгъуэну (Москва къалэ).

А зэпеуэм дизайнер, модель, сурэттех куэд къыщысцIыхуащ. А унэтIыныгъэмкIэ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа цIыху куэдым я телефон номерыр къызатри, сысейри сIахащ. Зы компание гуэрым утыку къисхьа фэилъхьэгъуэхэм хуэдэ куэду къыщIигъэкIыну зэгурыIуэныгъэ есщIылIэну къысхуигъэлъэгъуати, здакъым.

Мы щыгъынхэм адыгэ нагъыщэ ятелъщ. Сэ сфIэгъэщIэгъуэнщ адыгэ фащэм и пкъыгъуэхэр къызэрыбгъэсэбэп хъуну Iэмалхэр, абы къыпкърыпх хъуну Iыхьэхэр, ахэр иджырей фэилъхьэгъуэхэм зэрахэзэгъэнум.

ИджыкIэ сэ сызэлэжьыр куэдкIэ нэхъ къызэрыгуэкIыу къызолъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, еджапIэм къытхуагъэув жыпхъэм дытекI хъуркъым. Ауэ, дяпэкIэ сыхуейщ сыкъызыхэкIа лъэпкъым и Iэужьыр си фэилъхьэгъуэхэм къыщызгъэлъэгъуэну.

ЗэрыжысIащи, гъэ къакIуэ сэ сыхэтыну си мурадщ PROfashion Masters зэпеуэм, Модэм и тхьэмахуэм (Москва). Горькэм и цIэр зезыхьэ паркым ди деж щеджэхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ин щащIынущи, абыи сыхэтынущ. Апхуэдэу си мурадщ Москва къалэ и Дизайнерхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ зэпеуэм си зэфIэкI сыщеплъыжыну.

Сыт хуэдэу Iуэхури езыгъэфIакIуэр лэжьыгъэрщ. НэгъуэщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм уахуеплъэкI зэпыту улажьэмэ, езым уи хъэтI пфIэкIуэдынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Сэ дунейм си IэщIагъэращ сызэрепсэлъэфыр, сэркIэ мыхьэнэ ин иIэщ сыкъызыхэкIар, сыкъэзыухъуреихь дунейр зэрызыхэсщIэм, - жеIэ СулътIан.

Адыгэ щIалэм и зэфIэкIым хэхъуэну, ехъулIэныгъэ щымыщIэну ди гуапэщ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**








● Шхыныгъуэхэр

# Шатэкlэ гъэбэкхъа кlэртlоф



КIэртIофыр зэпэплIимэ цIыкIуурэ, бжьыныщхьэ укъэбзар щимэ цIыкIуурэ яупщIатэ. Бжьыныху укъэбзар яубри, шыгъу халъхьэ.

Тебэ куукIэ дагъэр къагъэплъ градуси 130 - 140-рэ хъууи, абы халъхьэ кIэртIоф упщIэта гъэжэпхъар, тхъуэплъ хъухукIи зэIащIэурэ ягъажьэ. Бжьын упщIэта халъхьэ, зэIащIэурэ ягъэлыбжьэ, тхъуэплъыфэ къытеуэху. Шыбжий плъыжь сыр хьэжа, шыгъу хаудэ, зэIащIэурэ зы дакъикъэ-дакъикъитIкIэ ягъажьэ.

Абы шатэ щIакIэ, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, мафIэр ирашэх, тебащхьэр трапIэри, дакъикъи 5 - 8 хуэдизкIэ ягъэбэкхъ. ИтIанэ абы халъхьэ бжьыныху уба, зэIащIэри, тебащхьэр трапIэж, мафIэ щабэ дыдэм тету зэIамыщIэу дакъикъи 10 - 15-кIэ ягъэбэкхъ.

Тебэр мафIэм къыпэрахыжри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ, джэдгын хаудэри, тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 4 - 5-кIэ щагъэт, IэфI къыщIыхьэн, мэ дахэ къищтэн щхьэкIэ.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ зэIащIэри, тепщэчым иралъхьэ. Пщтыру яшх. ПIастэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** кIэртIоф укъэбзауэ - г 350-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, бжьыныху укъэбзауэ - г 20, сэхуран дагъэу - г 100, шатэу - г 250-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

# Узыншагъэмкlэ сэбэпщ

● Фэ фщlэрэ?

**Пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкIым къыщIаху псыр узыншагъэмкIэ сэбэпышхуэщ. Витаминхэмрэ минеральнэ шыгъухэмрэ къищынэмыщIауэ, органическэ кислота, пектин, эфир дагъэ, мэ дахэ къызыхих пкъыгъуэхэр хэлъщ.**

ДАУЭ унэм пхъэщхьэмыщхьэпс зэрыщыбгъэхьэзырынур? Ар къызыхащIыкIыр дагъуэ зимыIэ хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэхэрщ. Еджагъэшхуэхэм зэрагъэунэхуамкIэ, пхъэщхьэмыщхьэпсщIэху IэмэпсымэкIэ ягъэхьэзырар нэхъыфIщ, япIытIурэ къыщIахуам нэхърэ. Апхуэдэу щIахуа хадэхэкIыпсым, пхъэщхьэмыщхьэпсым цIыхум и IэпкълъэпкъыIм сэбэп хуэхъуу нэхъыбэ къыхонэ. Абыхэм зэрыщIэпхуу уефэн хуейщ. Зэман кIэщIкIэ щIыIалъэм щыпхъумэмэ, къэвэныр щIегъэхуабжьэ. Консерв ящIа пхъэщхьэмыщхьэпсым нэхърэ щIэхуагъащIэр нэхъ сэбэпщ.

Апхуэдэ псыуэ сыт хуэдиз уефэ хъуну? Уи гум пIэпихыху уефэ хъунущ, ауэ зыхэбгъэзыхьыжу ебгъэлей хъунукъым. Сэбэп къыпхуэхъун щхьэкIэ махуэм миллилитр 600 уефэмэ, фIы дыдэщ. Нэхъыби уефэ хъунущ, ари зэранкъым. Апхуэдэ псыуэ узэфэнур псори зэуэ бгъэкIуэщIын хуейуэ аракъым, атIэ зэман мащIэ яку дэлъурэ уефэн хуейуэ аращ.

Псалъэм папщIэ, **лимоныпс** ираф щыгъупщэх хъуахэм, зи лъатэр, кIэтIийр узхэм, цIыхур зэкIэщIэзызэу щыхъум и деж. Лимоныпс литр ныкъуэм апхуэдиз псы пщтыр хэкIауэ махуэм 2 - 3 йофэ. ХадэхэкIым къыхащIыкI салатым шыгъу хамыдзэу лимоныпс хакIэ. Лимоным къыщIахуар псыкIэ (зэхуэдитIу) зэIахыурэ зи тэмакъ, зи жьэ кIуэцI узхэм жьэдагъэжыхь.

**Пхъыпсри** куэдкIэ сэбэпщ. Абы витамин лIэужьыгъуэ зыбжанэ хэлъщ, ерыскъыр фIыуэ егъэткIу. Сабий зыпI анэр махуэ къэс пхъыпс ефэн хуейщ, шэр нэхъыфI хъун щхьэкIэ. Абы псантхуэр ехъумэ, къару къыпхелъхьэ.

**Нащэпсым** хэлъ витаминхэр IэпкълъэпкъыIм фIыуэ сэбэп хуохъу. Абы щхьэцыр къегъэкI, гумрэ лъынтхуэмрэ егъэбыдэ. Нащэм калий куэд хэлъщи, зи лъыр дэуейм, еухым сэбэп хуохъу. Абы санэ фIыцIэм, мыIэрысэм, помидорым я псым хэту уефэну фIыщ.



● ГушыIэ

# Я бзэр ищIэрт

Пщым Хъуэжэ чэнджэщэгъуу къищтат. Махуэ гуэрым ар здришажьэри, и хэку къиплъыхьыну, пщыр гъуэгу теуващ.

Куэд къызэхакIухьа, мащIэ къызэхакIухьа, шэдым зэщIищтауэ зы щIыпIэ гуэрым ахэр нэсат.

Шэдхэм хэс хьэндыркъуакъуэхэр, зым адрейр кIэлъыджэ хуэдэу, зэрыгъэкIийхэрт. Асыхьэтым ину щатэри, пщыр Хъуэжэ къыхуеплъэкIащ:

- Сэ иджы зыт къысхуэтыжыр. Ар хьэпщхупщхэми хьэкIэкхъуэкIэхэми я бзэр ищIэу чэнджэщэгъу сызэримыIэрщ, - жиIэри.

- Абыхэм я бзэр сэ тIэкIу къызгуроIуэ, сытыт, зиусхьэн, узыхуейр? - еупщIащ Хъуэжэ пщым.

- Сыт атIэ а хьэндыркъуакъуэхэм зэжраIэр? - щIэупщIащ пщыр.

- Мы щIыпIэм шэду щыIэр яфIэмащIэу ахэр зэроукI. Ауэ хьэндыркъуакъуэхэм я нэхъыжьыр уэ хуабжьу къыпщотхъу: «Фымыгузавэ, - яжреIэ абы адрей зэрыгъэкIий хьэндыркъуакъуэхэм, - мо блэкI пщыр псэумэ, щIыпIэ псори шэд зэфэзэщ хъунщи дытыншыжынщ».

Хьэндыркъуакъуэм къигъэгубжьа пщым зэрынэсыжу унафэ ищIащ шэдхэр ягъэгъущыну.

**МАХУЭ Iэлисэхь**.

● ЖыIэгъуэхэр

# УнафэщIыр куэдрэ кIиймэ...

**♦Фадэ ефэныр емыкIутэкъым, укIытэгъуэ уримыгъэхуэжтэмэ.**
**♦Бын хэхъуэр псэгъэгуфIэщ.**
**♦Тэмэму «хаса» лъагъуныгъэр сыт хуэдэ щIыми къыщогъагъэ.**
**♦Щытхъур тхъу лIэужьыгъуэфIщ.**
**♦ГушыIэ зыгурымыIуэр зыми езэгъыркъым.**
**♦Псэм зэи сурэт пхутехынукъым.**
**♦Дэшхуэ купщIэншэ нэхърэ - дэ цIыкIу купщIафIэ.**
**♦Жэнэтми иIэщ бжэ, ауэ IункIыбзэIух псори хуэкIуэркъым.**
**♦ЕджакIуэр Iуэху нэрылъагъукIэрэ егъаджэ, псалъэ гъущэ защIэкIэ уемыпсалъэу.**
**♦Адыгэбзэр зымыщIэжым адыгэ хабзи къыпыпхынукъым.**
**♦Ажалым нэхърэ напэр пфIэкIуэдыныр нэхъ шынагъуэщ.**
**♦Зы жьэм къыжьэдэкIа хъыбарыр жьищэм кърахьэкI.**
**♦Ушынэу щытмэ, зыри жумыIэ, псалъэр бутIыпщакъэ - уимыкIуэтыж.**
**♦Iулъхьэ езытри ар къеIызыхэри напэм пэIэщIэщ.**
**♦Пэжыр хэт и дежкIи жыIэгъуейщ.**
**♦ГушыIэ здэщымыIэ Iэнэм щысыгъуейщ.**
**♦УнафэщIыр куэдрэ кIиймэ, Iуэхум химыщIыкIыу аращ.**
**♦Нэхъыжьым жиIэм емыдаIуэфым, нэхъыщIи къигъэдэIуэфынукъым.**
**♦Дуней жэнэтым ухуеймэ, зэгурыIуэ здэщыIэ къэлъыхъуэ.**
**♦УиIэ мащIэмкIэ уарэзымэ, икъукIэ укъулейщ.**
**♦Бгъэдэт гу къабзэкIэ ныбжьэгъум, акъылкIэ бгъэдэтыф уи бийм.**
**♦Уи напэр пщэжкIэ къулей ухъунукъым.**

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Фэм, нэгъуэщI зыгуэрым къыхэщIыкIауэ лъакъуэм фIалъхьэ хьэпшып лIэужьыгъуэ. **3**. Анэр къыщалъхуа унагъуэ. **7**. Гъавэ зэрахьэж Iэмэпсымэ зыщIэт унэ. **9**. ЦIыхур щалъхуа, щапIа, щыпсэу щIыпIэ. **12**. Зи лъабжьэр хущхъуэу къагъэсэбэп, илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэ. **17**. Бжьэхуц зыдэлъ щIымахуэ щыгъын дыта кIэщI. **18**. И теплъэкIэ хьэм ещхь, кIэ бапхъэшхуэ зыпыт хьэкIэкхъуэкIэ лъэпкъ. **19**. Зи фэр гъуэжь, бупIэщIмэ, фIыуэ хэкI гъущIыкIэ лъапIэ. **20**. ЦIыхухэри псэущхьэхэри зэрыбауэ жьы.

***Къехыу:*** **2**. КъулыкъущIапIэ, сату, промышленность хуэдэхэр здэщыIэ, цIыху куэд щыпсэу жылагъуэ. **4**. КъэкIыгъэхэр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ лъэкIыхьхэр. **5**. Къуэпс кIыхь зиIэ, зи къапщIийхэр хуэхъурей щIыкIэу къэгъагъэ, бжьыхьэм деж зи щхьэкIэм сэмб къыпищIэ къэкIыгъэ. **6**. МыхъумыщIагъэ гуэр зэрищIам щхьэкIэ цIыхум тралъхьэ тезыр. **8**. Нарт Сосрыкъуэ и анэр. **10**. Псы, тенджыз хуэдэхэм къедзылIа, ахэр зыпыхьэ, зэуалIэ щIыгъунэ. **11**. ХаукIэурэ зыгуэр зыгуэрым ирикIэрагъэубыдэным хуэщIа гъущI е пхъэ псыгъуэ хуэкIыхь. **13**. Iузэу, чэнжу, дэха уэх, къуэ. **14**. ЩIым дыгъэм и хъуреягъыр зэ къызэрикIухьым кърикIуэ зэман, гъэ. **15**. Дзэм и Iэташхьэ, я унафэщI. **16**. Хьэцэпэцэр IэкIэ къызэрахыж Iэмэпсымэ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Гъатхэпэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***
***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Ущ. **5**. Таж. **6**. Акъ. **7**. Гулъэф. **10**. ШыкIэ. **12**. Ерокъуэ. **13**. Менлы. **15**. Iэнэ. **17**. Бахъэ. **19**. Удж. **20**. Бгъэ. **21**. Гъуо.
***Къехыу:*** **1**. Iущхьэ. **2**. Ташло. **3**. Къады. **8**. Лъабжьэ. **9**. Фермэ. **10**. Шэрыб. **11**. КIэрэхъ. **14**. Набгъэ. **16**. Ныджэ. **18**. Абгъуэ.

# Гъэм и лъэхъэнэ псоми щытепщэ «Автозапчасть»

● Футбол



**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкIа щIымахуэ зэпеуэм и кIэух зэIущIэхэр зэхэтащ. ИпэкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIауэ, абы япэ, етIуанэ увыпIэхэр щызыубыдахэр нэхъ пасэу белджылы хъуат. Иджы ещанэр зыIэрыхьари наIуэщ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэрыщIадзэрэ бжьыпэр зымыутIыпща икIи зыри зытемыкIуэфа «Автозапчасть»-м иужь зэIущIэми бжыгъэшхуэкIэ 6:1-уэ Налшык и «Мурбек-ФШ»-р хигъэщIащ. Гу лъытапхъэщ, илъэс блэкIам бахъсэндэсхэр ди республикэм иригъэкIуэкIа гъэмахуэ чемпионатми зэрыщынэхъ лъэщами Кубокри къызэрихьами. Абы къегъэлъагъуэ гъэм и лъэхъэнэ псоми щытепщэ гуп лъэщ Бахъсэн къалэм зэрыщызэфIэувэжар.

ЕтIуанэ увыпIэр пасэу зыIэрызыгъэхьар Зеикъуэ къуажэ и «Шагъдийрщ». КIэух зэIущIэм ар Къэрэгъэш и «Иналым» 2:3-уэ къыхигъэщIами, езым зэран къыхуэхъуакъым, ауэ я хьэрхуэрэгъухэр гуп нэхъыщхьэм зэкIэ къыхэнэнымкIэ сэбэп хъуащ.

МыгурыIуэгъуэр ещанэ увыпIэр къэзыхьынурат. Домбеякъ медалхэм нэхъ пэгъунэгъур Налшык и «ГорИс» командэрат. Иужь джэгугъуэм ар темыкIуэу хъунутэкъым «Псыгуэнсуми», 3:2-уэ хигъащIэри, ещанэ хъуащ.

Адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэу иухащ: «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Искра**» (Алътуд) - **1:1**, «**Локомотив**» (Налшык) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **0:0**, «**Бабугент**» (Бабугент) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм-ЕтIуанэ) - **4:1**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**МАХ**» (Малкэ) - **0:3**, «**КъБКъУ**» (Налшык) - «**Спартак-Д**» - **1:4**.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэм уахэплъэмэ уолъагъу топ нэхъыбэ хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дэгъэкIынымкIэ къыхэжаныкIар «Автозапчасть» командэрауэ зэрыщытыр. Ар 65-рэ мэхъу. Абы кIэлъокIуэ «Шагъдийр» - 48-рэ. Ещанэр «ГорИс»-щ - 39-рэ. Нэхъ мащIэ дыдэу ар къызэхъулIар «КъБКъУ»-рэ «ХьэтIохъущыкъуеймрэщ». Дэтхэнэми 16-рэщ апхуэдэ гуфIэгъуэ зэрилъэгъуар. Зи гъуэр нэхъ быдэу зэтезыIыгъар «Тэрч» командэращ - абы къыхудагъэкIар топи 10-щ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «Автозапчасть»-мрэ «Шагъдиймрэ». ТIуми, щхьэж къылъысу къыхудагъэкIар топ 13-щ зэрыхъур.

Нэхъ бжыгъэшхуэ здэщыIа зэIущIэр «Шагъдиймрэ» «КъБКъУ»-рэ я дежщ. Зеикъуэдэсхэм 10:0-у студентхэр хагъэщIащ.

Зэи хамыгъэщIар «Автозапчасть»-м и закъуэщ. Абырэ гъэ кIуам зэхэта щIымахуэ зэпеуэм бжьыпэр щызыубыдауэ щыта «Тэрчымрэ» зэрытегъэкIуакъым. А зэращ бахъсэндэсхэм очко бжыгъэ гуэр щафIэкIуэдар.

«Шэджэм-2» командэм зэрытемыгъэкIуэнымкIэ зищIысыр ищIакъым. КъыхамыгъэщIауэ е я хьэрхуэрэгъухэм емыфIэкIауэ ар джэгупIэ губгъуэм къыщикIыжа къэхъуакъым.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Шагъдийм» и пашэ Бэлагъы Русланщ. Ар 23-рэ къыхэжаныкIащ. Абы кIэлъокIуэ топ 17 дэзыгъэкIа Бажэ Амир («Автозапчасть»). Ещанэ увыпIэр зэдагуэшащ Урыс Аслъэнрэ («ГорИс») Иуан Азрэтрэ («Искра»).

Республикэм тэмэму къызэгъэпэща топ джэгупIэ зэримащIэм къыхэкIыу зэIущIэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым щызэхэтащ. КъызэгъэпэщакIуэхэр абы и лъэныкъуэкIэ зэрыщымыуар наIуэщ. ДжэгупIэ губгъуэм ираубгъуа IэрыщI алэрыбгъу щхъуантIэм стадионыр игъэдахэ къудей мыхъуу, псом я щхьэрати, я зэфIэкI нэсу къагъэлъэгъуэну футболистхэм Iэмал къаритырт. Уэздыгъэхэм нуру къагъэнэхурти, кIыфI хъуами зэIущIэр къызэтрагъэувыIэртэкъым. Зэрыджэгухэм ИнтернеткIэ укIэлъыплъ хъуну щытами, дунейр щIыIами дэщIакIуэ мащIэ къекIуэлIауэ пхужыIэнукъым. КIэщIу жыпIэмэ, зэхьэзэхуэр екIурэ-ещхьу къызэгъэпэща хъуауэ къэплъытэ хъунущ.

**ШАФИЙ Аслъэн.**
*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **15** | **14** | **1** | **0** | **65-13** | **43** |
| **2. «Шагъдий»** | **15** | **12** | **1** | **2** | **48-13** | **37** |
| **3. «ГорИс»** | **15** | **9** | **4** | **2** | **39-25** | **31** |
| 4. «Искра» | 15 | 8 | 3 | 4 | 36-16 | 27 |
| 5. «Тэрч» | 15 | 7 | 5 | 3 | 33-10 | 26 |
| 6. «МАХ» | 15 | 7 | 3 | 5 | 23-17 | 24 |
| 7. «Шэджэм-2» | 15 | 6 | 0 | 9 | 21-39 | 18 |
| 8. «Бабугент» | 15 | 5 | 3 | 7 | 19-27 | 18 |
| 9. «Ислъэмей» | 15 | 5 | 3 | 7 | 25-31 | 18 |
| 10. «Мурбек-ФШ» | 15 | 5 | 2 | 8 | 18-37 | 17 |
| 11. «ХьэтIохъущыкъуей» | 15 | 4 | 4 | 7 | 16-28 | 16 |
| 12. «Спартак-Д» | 15 | 4 | 4 | 7 | 27-24 | 16 |
| 13. «Локомотив» | 15 | 4 | 3 | 8 | 19-34 | 15 |
| 14. «Инал» | 15 | 4 | 3 | 8 | 24-41 | 15 |
| **15. «Псыгуэнсу»** | **15** | **3** | **4** | **8** | **20-36** | **13** |
| **16. «КъБКъУ»** | **15** | **1** | **1** | **13** | **16-58** | **4** |

● Бокс



# Разиуанрэ Маликрэ я текIуэнығъэ

**Мы гъэм гъатхэпэм и 3 - 10-хэм Уфа къалэм щызэхэтащ Урысей МВД-м боксымкIэ и чемпионат. Башкортостаным и щыхьэрым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щызэрихьэлIащ къэралым и щIыналъэхэм я хабзэхъумэ органхэмрэ еджапIэ 15-м, апхуэдэуи Центральнэ, Приволжскэ федеральнэ щIыналъэхэм транспортымкIэ я управленэхэм я командэхэр. Абы хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и гупыр икIи етIуанэ увыпIэр къиихьащ.**

ЩХЬЭЗАКЪУЭ зэпеуэхэми ди лъахэгъухэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Зи хьэлъагъыр килограмм 86-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакIуэ, полицэм и лейтенант нэхъыжь Мэзыхьэ Разиуан. Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и плъырпост IэнатIэм къулыкъур щызыщIэ, полицэм и сержант нэхъыжь Алиев Малик кг 67-м нэблагъэхэр зыхэта гупым жэз медалыр къыщихьащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий ехъулIэнығъэ зыIэрызыгъэхьа спортсменхэм ехъуэхъуащ.

- Боксыр спорт лIэужьыгъуэ къызэрымыкIуэщ, ауэ IуэхущIапIэ куэдым и лIыкIуэхэр зыхэта, пщIэ зиIэ зэпеуэм екIуу зыкъыщывгъэлъэгъуэфащ. Узыншагъэ фиIэну, адэкIи къулыкъум ехъулIэныгъэхэр щызыIэрывгъэхьэну, рингым узыIэпызышэ текIуэныгъэхэр къыщыфхьыну си гуапэщ, - къыхигъэщащ министрым.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# Тегеран щегъэлъагъуэ и зэфIэкIыр

● Атлетикэ хьэлъэ

**Ираным и къалащхьэ Тегеран тхьэмахуэ кIуам щекIуэкIащ штангэмкIэ «NOWRUZ GAH Fencing Olympiad» зыфIаща япэ дунейпсо цIыхубз джэгухэр.**

ШТАНГЭМКIЭ лIэужьыгъуибгъуу зэхэта а зэпеуэм и саугъэтхэм щIэбэнащ дунейм и къэрал 20-м икIа спортсмен 500-м нэблагъэ.

Атлетикэ хьэлъэмкIэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен ныбжьыщIэ Скрипко Аланэ и зэфIэкI щеплъыжащ.

Килограмм 71-рэ зи хьэлъагъхэм я деж утыку къыщихьа Аланэ двоеборьем къыщиIэтащ килограмми 194-рэ икIи Урысейм домбеякъ медалыр къыхуихьащ.

Спортсмен ныбжьыщIэр зэхьэзэхуэм хуигъэхьэзыращ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Шэкэм Михаил.



● Тхэквондо

# Белоруссием къыщыхожаныкI

**Белоруссием тхэквондомкIэ и чемпионат Минск къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ Урысейм, Къэзахъстаным, Узбекистаным, хэгъэрейхэм я спортсменхэр. КъБР-м икIахэми а зэпеуэм ехъулIэнығъэ къыщагъэлъэгъуащ - медалиплI къыщахьащ.**

И ХЬЭРХУЭРЭГЪУХЭМ ефIэкIыурэ килограмм 54-рэ хъухэм я деж щызауэу, зэпеуэм и кIэух Iыхьэм нэса Багъ Идар и хьэрхуэрэгъум къыхигъащIэри, етIуанэ увыпIэрщ къиихьар.

Килограмм 46-рэ хъухэм я деж щызэуа Бекъул Миланэ зы балл закъуэщ хуримыкъуар дыщэр зыIэригъэхьэным. Абы никъуэкъуэгъу къыхуэхъуат Урысейм мы зэманым и чемпион, Санкт-Петербург щыщ Артамоновэ Анастасие.

Зэпеуэм Яхненкэ Данил (кг.58) дыжьыныр къыщихьащ. Ахъмэт Борис зи хьэлъагъыр кг 80-м нэсхэм я зэпеуэм и финал никъуэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуа, урысейм и чемпион Храмцов Максим къыхигъэщIащ икIи Ахъмэтым домбеякъ медалыр къылъысащ.

Урысейм и атлетхэр дунейпсо утыкухэм ихьэну хуит ящIмэ, Белоруссием и чемпионатым щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ Iэмал яIэнущ ди къэралым и гуп къыхэхам хыхьэну.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырар Ахъмэт Амирщ.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

● БэнэкIэ хуит



# Шумилиным и мемориалым

**Калининград къалэм щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ зэIуха. Ар къызэрагъэпэщат Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Шумилин Андрей и фэеплъу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм, апхуэдэуи Абхъазым, Белоруссием къикIа, илъэс 24 - 25-рэ зи ныбжь спортсмени 120-рэ.

Зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм дыжьыну тIу къыщахьащ.

Зи хьэлъагъыр килограмм 61-м нэсхэм я деж щыбанэу, кIэух зэпеуэм нэса Жыласэ Рустам хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуа, Санкт-Петербург щыщ Абдулатипов Михаил 7:8-уэ къыхигъэщIащ.

Килограмм 74-рэ хъухэм я деж щыбэна Маргъущ Джэмал дыжьыныр къытхуихьащ.

Спортсменхэр и гъэсэнщ ЗэкIуу Арсен.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитынығъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.705
Заказыр №549

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А